

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara meunangkeun data nu diperlukeun dumasar kana stratégi prosés sarta pamarekan dina milih warna, karakteristik, jeung diménsi ruang sarta waktu tina data nu diperlukeun (Sudjana, 1991: 52). Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Luyu jeung tujuan panalungtikan, dina ieu panalungtikan méthode nu dipaké nyaéta méthode panalungtikan déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta hiji méthode nu digunakeun pikeun ngagambarkeun kaayaan objék nu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék nu dijadikeun puseur perhatian dina ieu panalungtikan. Ieu méthode téh saéstuna mah leuwih mangrupa istilah umum nu ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif. Nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif téh diantarana baé nyaéta panalungtikan nu ngajéntrékeun, nganalisis jeung nglasifikasikeun; panalungtikan kalawan tehnik survey, téhnik interviu, angkét, observasi atawa téhnik tés (Surakhmand, 1989: 139).

Méthode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan, sabab istilah-istilah nu ditalungtik mangrupa masalah nu aya dina mangsa kiwari atawa

masalah faktual. Ari nu di déskripsikeunana nyaéta istilah-istilah tatanén, di Wilayah Kacamatan Karangtengah Cianjur.

Saterusna diécéskeun yén prak-prakan, métode-métode dékriptif teu ngan saukur ngumpulkeun jeung nyusun data, tapi ngawengku ogé analisa jeung interprétasi ngeunaan éta data. Panalungtikan mibanda pancén pikeun nyieun kacindekan tina data nu ditalungtikan.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan mangrupikeun salah sahiji usaha nu kudu dilakonan kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan nu dipiharep dina hiji panalungtikan téh bisa kahontal. Patali jeung métode nu digunakeun téhnik nu dianggap merenah pikeun ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik “obsérvasi” jeung “interview”.

Téhnik obsérvasi aya nu sipatna partisipan (panalungtik kalibet langsung dina kagiatan nu keur ditalungtik), jeung nu sipatna nonpartisipan. Dina ieu panalungtikan, observasi nu dilakukeun gegedéna nu sipatna nonpartisipan, nyaéta niténan objékpanalungtikan pikeun ngumpulkeun data téh diluareun kanyahoan résponden. Aya kalana kagiatan ieu téh lumangsung dina kaayaan loma, bari ngobrol, anjang sono, atawa niténan ti kaanggangan ngeunaan kagiatan atawa paripolah nu dilakukeun ku réspodén, nepi teu karasaeun yén panalungtik téh keur niténan hal-hal nu patali jeung bahan panalungtikan. Kagiatan obsérvasi ieu téh lumangsung dumasar patokan-patokan nu tangtu luyu jeung tempat katut tujuan ieu panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data ku cara interviu (wawancara), dilakukeun pikeun ngahasilkeun data nu sipatna “*emic*” (sawangan/pamanggih réspodén), pikeun nganyahokeun kumaha éta réspodén téh nyawang kana kaayaan manéhna katut pasualan nu diajukeun ku panalungtik sorangan nepikeun/ngajukeun data nu sipatna “*emic*”(sawangan panalungtik), minangka bubuka sakaligus pikeun mancing sawangan atawa katerangan ti réspodén. Nu satuluyna panalungtik nu kudu ngolah, napsirkeun, nganalisis nurutkeun métode, téori téhnik jeung sawangan sorangan. Dina prak-prakanna wawancara nu dilaksanakeun téh sipatna “bebas terpimpin” nyaéta wawancara kalawan patokan sacara gurat badagna wungkul, nu mangrupa adumanis tina interviu “bebas” (*unguided interview*) jeung interviu “terpimpin” (*guided interview*), (Suharsimi Arikunto, 2002: 132).

Lian ti dua téhnik tadi, dina ieu panalungtikan aya sabagian data nu dipaluruh tina hasil talaah pustaka. Talaah/studi pustaka ieu dilakukeun pikeun nalungtik/ngumpulkeun data-data nu aya dina sumber tinulis, sakaligus dijadikeun bahan babandingan kana data di lapangan.

### **3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Tahap ngumpulkeun data mangrupa kagiatan utama dina ieu panalungtikan. Ieu tahap/kagiatan téh dimimitian ku ngayakeun survéy ngeunaan objék panalungtikan, sabab éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka sumber data (réspodén). Bahan nu patali jeung panalungtikan téh dikumpulkeun saloba-lobana, kalawan ngagunakeun téhnik panalungtikan nu disebut obsérvasi jeung wawancara.

### 3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngagampangkeun dina usaha ngumpulkeun data, téhnik panalungtikan dilengkepan ku téhnik ngolah data panalungtikan. Ku kituna pikeun nyangking data perlu ngagunakeun téhnik nu tangtu dina ngolahna:

- a. Téhnik ngolah data dina panalungtikan, taya lian maksudna mah pikeun mikanyaho proséntase jumlah masing-masing dina istilah tatanén nu ilahar di Kampung Cimuti.
- b. Pikeun néangan sababaraha lobana istilah tatanén nu kapanggih.

### 3.2 Instrumén Panalungtikan

Data nu geus dikumpulkeun téh mangrupa kecap-kecap. Panalungtikan nu dilaksanakeun mangrupa panalungtikan kualitatif, sabab métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif nu ngahasilkeun data-data mangrupa kecap-kecap tinulis jeung prilaku atawa paripolah nu bisa katitén.

Instrumén panalungtikan nyaéta:

1. Tapé Récordeur.
2. Kaméra Poto.
3. Pedoman wawancara nu dipaké pikeun nyangking informasi lisan.
4. Pedoman observasi nu dipaké pikeun niténan data lapangan.

### **3.3 Data jeung Sumber Data**

#### **3.3.1 Data**

Data nyaéta hasil catetan panalungtik, boh nu mangrupa fakta boh nu mangrupa angka. Dina sumber SK Menteri P dan K No. 0256/U/1977 tanggal 11 Juli 1977 nétélakeun yén data nyaéta sagala fakta jeung angka nu bisa dijadikeun bahan pikeun nyusun hiji informasi, sedengkeun informasi sorangan nyaéta hasil tina ngolah data nu dipaké pikeun kaperluan (Suharsimi Arikunto, 2002: 96).

Dina ieu panalungtikan, datana nyaéta istilah dina sistem pakasaban tatanén nu aya/kapanggih di Kacamatan Karangtengah. Éta téh boh nu patali jeung cara migawe, pakas, kagiatan/istilah kasab, boh tatanénna sorangan.

#### **3.3.2 Sumber Data**

Nu dimaksud sumber data nyaéta subjék di mana data bisa kumpul. Kacamatan Karangtengah nu dijadikeun tempat panalungtikan ieu aya di Kabupatén Cianjur. Pernahna kira-kira 5Km di kantor pemerintahan kabupatén Cianjur.

Sacara géografis Kacamatan Karangtengah aya di 400m DPL curah hujan rata-rata 1306mm per taun. Wates Kacamatan, nyaéta; beulah wétan ngawates jeung Kacamatan Sukaluyu, beulah kidul jeung Kacamatan Cilaku, beulah kulon jeung Kacamatan Cianjur, sarta beulah kalér ngawates jeung Kacamatan Mandé.

Legana Kacamatan karangtengah nurutkeun data ahir taun 2010 aya 1807,32 héktar pamukiman, sawah, jeung kebon masarakat. Jumlah Désa nu aya

dikacamatan karangtengah nyaéta 14 Desa, nu kabagi kana 84 Rw sarta aya 286 Rt.

Nurutkeun data nu aya di Kacamatan Karangtengah taun 2010, jumlah penduduk Kacamatan Karangtengah nyaéta 81,720 jiwa, nu ngawengku 39,470 lalaki jeung 42,250 awéwé. Tina jumlah penduduk anu sakitu téh kabagi kana 26,124 kepala keluarga (KK). Wincikan jumlah penduduk dumasar kana klasifikasi umur bisa katiten dinaprofilKecamatan.

Pakasaban masarakat Kacamatan Karangtengah lolobana nya éta tani anu ampir tiluparapat tina jumlah penduduk, TKI ogé buruh bangunan. Sedengkeun nu liana aya nu jadi PNS, karyawan instansi swasta, padagang, jeung teu saeutik nu jadi buruh pabrik.

Arikunto (2002: 107) nétélakeun tilu klasifikasi sumber data ku hurup awal *p* tina basa Inggris, nyaéta:

- *p* = *person*, nyaéta sumber data nu bisa mere data mangrupi jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tulisan ngaliwatan kété

- *p* = *place*, nyaéta sumber data anu katempatna cicing jeung teucicing.

*Cicing* upama narohangan, alat, wujud barang, warna, jsté.

*Teucicing* upama aktivitas, gawé, ritmenyanyian, gerakibing, kagiatan ngajar, jsté/

- p = *paper*, nyaéta sumber data tinatanda-tanda nu mangrupahurup, angka, gambar, sarta simbol-simbol liana

Kusabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua teknik, nyaéta teknik observasi jeung wawancara. Sumber data dina teknik observasi nyaéta barang/pakakas, cara/proses migawé, nu kapanggih dina pakasab antanén. Sedengkeun teknik wawancara nu jadi sumber data téh respondén, nyaéta jalma anu ngarésponatawajawab patalékan-patalékan panalungtik.

### 3.4 Anggapan Dasar

Unggal panalungtikan nyoko kana anggapan dasar nu geus tangtu. Subino (1982: 8) nétélakeun yén anggapan dasar téh nyaéta bebeneran nu teu merlukeun pengujian, sakurang-kurangna pikeun si panalungtik dina waktu harita. Nu dijadikeun dassar téh bisa waé hasil panalungtikan jjalma séjén dina waktu nu geus kaliwat, téori-téori atawa pamikiran si panalungtik. Ku kituna, Nasution (1982: 28) nétélakeun yén anggapan dasar téh nyaéta hal nu geus bebeneranana geus ditarima ku panalungtik atawa hal nu geus bener tur teu merlukeun bukti.

Dumasar kana pamadegan-pamadegan dui luhur, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pangajaran kandaga kecap basa Sunda ngeunaan istilah tatanén di kelas VIII Seméster 2.

- 2) Istilah-istilah dina tatanén bisa dianalisis dumasar kana basa nu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap.
- 3) Dina kagiatan tatanén ngandung unsur-unsur budaya.
- 4) Pakasaban tatanén mibanda istilah-istilah husus boh nu patali jeung pakakas, cara migawe, kagiatan tatanén, boh tatanénna sorangan.

### 3.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré naon nu jadi ulikan dina ieu panalungtikan, di handap ieu baris dipedar ngeunaan harti kecap-kecap nu jadi judul panalungtikan.

- a. **Istilah** nyaéta kecap atawa kantétan kecap nu kalawan gemet ngagambarkeun harti hiji konsép, prosés, kahanan, atawa sipat nu kacida panjangna tur kompléks bisa diwakilan ku hiji istilah nu kacida singgetna. Wangunna bisa mangrupa kecap asal atawa kecap rékaan.
- b. **Tatanén** numutkeun Kamus Umum Basa Sunda, nyaéta sagala rupa perkara nu patalina jeung tani (KUBS, 2006: 667).
- c. **Wilayah Kacamatan Karangtengah** daérah bagian kabupatén Cianjurbelah kalér.
- d. **Bahan Pangajaran** nyaéta sakabéh bahan pangajaran nu rék ditepikeun dina kagiatan ngajar (Sudjana, 1988: 46).
- e. **Kandaga Kecap Basa Sunda** nyaéta kecap-kecap dina basa Sunda (kosa kata).
- f. **SMP** nyaéta salah sahiji wangun jenjang atikan formal sabada Sakola Dasar



### **3.6 Léngkah Garapan Panalungtikan**

Nu dimaksud léngkah garapan panalungtikan ieu nyaéta gambaran lumangsugna kagiatan panalungtikan ti mimiti nepi ka réngséna. Sacara gurat badagna éta léngkah téh bisa katitén saperti dihandap ieu

#### **3.6.1 Tahap Persiapan panalungtikan**

Tahap persiapan panalungtikan ngawengku hal-hal saperti di handap ieu:

- a. Ngajukeun proposal.
- b. Survey ka lapangan.
- c. Nangtukeun nara sumber nu rék diwawancara.

#### **3.6.2 Tahap Ngalaksanakeun Panalungtikan**

Tahap ngalaksanakeun panalungtikan ngawengku hal-hal saperti ieu dihandap:

- a. Nepungan nara sumber nu rék di wawancara, jeung
- b. Ngayakeun wawancara.

#### **3.6.3 Tahap Nyieun Laporan**

Tahap nyieun laporan ngawengku hal-hal ieu dihandap:

- a. Nyieun daftar istilah-istilah tatanén, jeung
- b. Ngolah data nu geus kumpul dumasar kana téknik ngolahna.